

Nama :
Kelas :
No. Absen :
Email Guru:

Nyerat Teks Deskripsi “Buka Luwur Kitha Kudus”

Para siswa dipunsuwun nyusun paragraf acak kanthi irah-irahan “Buka Luwur Kitha Kudus” ing ngandhap menika adhedhasar peranganipun teks deskripsi bahasa Jawa:

1. Irah-irahan: Buka Luwur Kitha Kudus

2. Identifikasi

3. Deskripsi Bagean

4. Dudutan

Wangsulan dipunserat kanthi tuladha: C-A-B lan dipunparingi tandha saben paragraf kalebet kategori menapa.

A.	Buka luwur kalebet tradhisi campuran antawisipun agami, sosial lan budaya. Tradhisi menika ugi kalebet warisan budaya ingkang dipunringkes mawi pangajian umum, tahlil, kirab budaya lan Pasar jadul. Ing pangertosan spiritual, prosesi menika dipuntegesi pakurmatan dhumateng piwulang Sunan Kudus, Syekh Ja'far Shodiq minangka dados salah satunggalipun Walisongo ingkang nyebaraken agami Islam ing Kitha Kudus.
B.	Buka luwur inggih menika tradisi taunan ing Kitha Kudus ingkang nggadhahi maksud nggantos kain panutup makam Sunan Kudus ingkang dipunsebat luwur. Dados luwur ingkang sampun lawas menika dipungantos ngangge luwur ingkang enggal.

	Buka luwur dipunlaksanakaken saben tanggal 10 Muharram (10 Sura) minangka haulipun Sunan Kudus inggih menika Syekh Ja'far Shodiq. Prosesi kasebut kawiwitan tanggal 1 Muharram kanthi Jamasan pusaka, dene punncakipun menika ing tanggal 10 masang luwur enggal. Tradhisi menika dipunlaksanakaken ing komplek Kauman Masjid Menara lan Makam Sunan Kudus.
C.	Seminggu saderengipun puncak adicara buka luwur, dipunlaksanakaken festival Pasar jadul ingkang nyawiji kaliyan tradhisi lokal lan budaya kuliner khas Kudus. Prosesi buka luwur kawiwitan wekdal enjang nalika masyarakat lan para pangurus nglaksanakaken jamasan pusaka kanthi manah ingkang suci. Prosesi salajengipun menika luwur lawas saking cungkup makam Sunan Kudus dipunpendhet kanthi tata krama khusus. Sasampunipun dipunpendhet, dipunlajengaken prosesi ndamel luwur enggal kangge Makam Sunan Kudus ingkang dipunrampungaken salebetipun sekawan dinten, lan dipunlaksanani ing Tajug Menara. Dene wonten 33 pangrewang ingkang nyambut damel kanthi telaten lan waskita. Ing wekdal dalu, masyarakat nyawiji ndherek pengaosan umum saha khatmil Kur'an bil ghaib kagem ngluhuraken ajining budaya spiritual. Lajeng enjingipun wiwit subuh menika kain luwur lawas dipunbagikaken dhumateng masyarakat, minangka pratandha berkah lan kabegjan. Lajeng sasampunipun adicara menika wonten bagi-bagi sega jangkrik ingkang dipunwastani minangka tuwuhan berkah lan panyambung tali asih.

	Sega jangkrik ingkang dipunbagiaken menika ngantos puluhan ewon bungkusane saben taunipun.
--	--

Wangsulan: